



Pou Piblikasyon Imedya: 19/04/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ENVESTISMAN BIDJETÈ POU ANE FISKAL 2023
POU SÈVI FANMI LONG ISLAND YO**

Enkli 350 milyon dola nan investisman pou ranfòse ekonomi Long Island lan

500 milyon dola pou devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot

Ogmante èd pou lekòl nan Long Island a 457.6 milyon dola

Gen ladann prèske 1 milyon dola pou sipòte gwoup òganizasyon san bi likratif ki baze nan kominote a ki bay èd pou lojman, aktivite renouvèlman kominotè, ak sibvansyon pou lokasyon nan rejyon Long Island lan

Kreye Kredi Rabè Fiskal pou Pwopriyete Kay la ki bay soulajman pou yon estimasyon 494,000 fanmi ki peye taks sou pwopriyete

Bay prèske 63 milyon dola pou sipòte tretman, rekiperasyon ak prevansyon adiksyon nan Long Island

Atribye apeprè 370,000 dola pou finanse Pwogram Sèvis Veteran ant Konpanyon Joseph P. Dwyer a nan rejyon Long Island lan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a investisman rejyonal nan kad bidjè Ane Fiskal 2023 a pou sèvi fanmi Long Island yo. [Bidjè Ane Fiska 2023](#) istorik Gouvènè Hochul la konbine vizyon solid ak responsablite fiskal, investi nan fiti alontèm New York. Rekonstriksyon ekonomi swen medikal la, konstriksyon sistèm edikatif la pou lavni, rediksyon fado taks la pou moun ki plis bezwen sa, amelyorasyon enfrastrikti transpò ak lojman eta a, lit kont chanjman klimatik la, kreyasyon travay, ak amelyorasyon sekirite piblik ak kontwòl etik nan gouvènman an yo nan premye plas nan plan sa a pou sezi opòtinite pou investi nan Nouyòkè yo.

"Avèk bidjè transfòmatif 221 milya dola nou an, n ap montre ke nou ka abòde gwo pwoblèm Nouyòkè yo ap fè fas, e mwen fyè pou m anonse investisman istorik ki pral fè yon diferans reyèl nan lavi moun nan Long Island kounye a ak pou ane k ap vini yo", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan sipò istorik pou lekòl nou yo ak soulajman fiskal pou Nouyòkè klas mwayèn yo, rive nan pi gwo investisman nan enfrastrikti nan istwa

Eta a - ranpli twou ki ravaje lari nou yo - bidjè sa a ap sèvi rezidan Long Island yo nan yon fason konsiderab. Chak Nouyòkè merite yon chans ki jis pou reyalize sa mwen rele "New York Dream" (Rèv New York) lan epi mwen pa ka tann pou mwen wè tout fason bidjè sa a pral ede konstwi yon Eta New York ki pi bon, ki pi jis e ki pi enklizif."

Gran Pwen rejyonal yo nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a ki espesifik pou kominote Long Island yo enkli:

Gouvènman Lokal

- **Founi Èd ak Prim Ankourajman pou Minisipalite yo.** Bidjè a founi 26.2 milyon dola nan èd jeneral pou gouvènman lokal rejyon an.
- **Konsolide Gouvènman Lokal yo pou kreye ekonomi pou kontribyab yo.** Bidjè a founi 1 milyon dola nan ekonomi pou kontribyab Long Island ki rezide nan vilaj ki fonn atravè pwogram Kredi Fiskal pou Ranfòsman Pouvwa Sitwayen (Citizen Empowerment Tax Credit, CETC) an.

Devlopman Ekonomik

- **Fon Investisman Long Island.** Bidjè a gen ladan 350 milyon dola pou sipòte investisman kapital pou pwojè ki sipòte epi devlope ekonomi rejyonal la ak amelyore kominote yo atravè Long Island.
- **Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot.** 500 milyon dola pou devlopman enfrastrikti Pòtyè enèji ewolyèn olaj zòn kot New York ak chèn apwovizyonman ki gen rapò ak li. Finansman pral founi enfrastrikti ki nesèsè pou fè endistri enèji ewolyen sou lanmè li an vanse, eksplwate kapital prive pou pote plis pase 2 milya dola nan aktivite ekonomik pandan y ap kreye plis pase 2,000 djòb ekolojik.
- **Patenarya AI Cold Spring Harbor/Stony Brook.** 50 million dola pou sipòte yon patenarya entelijans atifisyel ant Cold Spring Harbor Lab ak Stony Brook University.

Edikasyon

- **Sipòte Lekòl Long Island yo.** Eta New York kontinye angajman solid li anvè edikasyon lè li bay plis finansman pou satisfè bezwen elèv yo, pwofesè yo, ak lekòl yo nan mitan defi kontinyèl la ke pandemi COVID-19 la lakoz. Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 2023 a ogmante Èd pou Lekòl nan Long Island a 457.6 milyon dola (12.7 pousan), ki gen ladan yon ogmantasyon 406.7 milyon dola (17.1 pousan) nan Èd pou Fondasyon. Ogmantasyon sa a se prensipalman pou dezyèm ane a nan miz an plas pwogresif sou twazan finansman konplè nan fòmil Èd pou Fondasyon an.

Enèji ak Anviwònman an

- Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 23 a gen ladann finansman adisyonèl pou pwojè Pak Eta (State Park) sa yo:
 - o 5 milyon dola pou Kosepsyon Jones Beach East Bathhouse
 - o 4 milyon dola pou Sant Vizitè Bayard Cutting Arboretum
 - o 300,000 dola pou Transfòmasyon Montauk Downs Clubhouse
- Bidjè yo Adopte pou Ane Fiskal 23 a gen ladann finansman adisyonèl pou pwojè DEC sa a: o Amelyorasyon aksè ak lapèch nan Lower Peconic River nan Route 25 nan Riverhead. Amelyorasyon yo enkli yon pòtaj kannòt ki gen mach, glisad bato, lansman bato alamen ak amelyorasyon pakin.
- 2.5 milyon dola pou Komisyon Pine Barrens Long Island lan, ki te sipòte pa EPF.
- 4.5 milyon dola pou Konte Suffolk ak 5 milyon dola pou Konte Nassau nan Pwogram Amelyorasyon Pwoteksyon Kalite Dlo (Water Quality Protection Improvement Program), ki sipòte pa EPF.
- 1 milyon dola pou Sant pou Dlo Pwòp nan Stony Brook, ki sipòte pa EPF.

Sante

- **Envesti Depatman Sante Lokal yo.** Bidjè yo Adopte a gen ladan 1.9 milyon dola nan finansman pou ogmante sibvansyon de baz Travay Sante Piblik Jeneral (Atik 6) la -- 885,000 dola pou Konte Nassau ak 970,000 dola pou Konte Suffolk. Bidjè yo Adopte a envesti finansman tou pou tout konte yo pou kouvri yon pòsyon nan depans avantaj sosyal yo pou anplwaye sante piblik yo atravè ranbousman Èd Eta a, ki pral ede konte yo ogmante nivo anplwaye yo pou satisfè demann sante piblik yo.

Lojman

- **Pwogram Prezèvasyon Katye ak Zòn Riral (Neighborhood and Rural Preservation Program, NPP/ RPP).** Bidjè yo Adopte a gen ladann prèske 1 milyon dola pou Pwogram Prezèvasyon Katye (Neighborhood Preservation Program, NPP) ak Pwogram Prezèvasyon Zòn Riral (Rural Preservation Program, RPP) pou sipòte gwoup kominotè san bi likratif yo ki bay asistans lojman, aktivite renouvèlman kominotè, ak sibvansyon pou lokasyon nan rejyon Long Island lan
- **Pwogram Asistans pou Lwaye nan Zòn Riral (RRAP)** Egzekitif la bay asistans pou lokasyon atravè Pwogram Asistans pou Lwaye nan Zòn Riral (Rural Rental Assistance Program, RRAP) pou plis pase 50 inite lojman ki gen revni fèb pou lokatè riral yo nan Long Island.

Iyèn Mantal

- **Sipòte Sèvis Tretman Adiksyon.** Bidjè a bay prèske 63 milyon dola pou sipòte tretman, rekiperasyon ak prevansyon adiksyon nan Long Island. Finansman sa a pral sipòte yon pakèt pwogram, ki gen ladan tretman opyoyid, kabann tretman rezidansyèl, klinik tretman pou pasyan ekstèn, pwogram prevansyon, sant kominotè pou rekiperasyon ak sansibilizasyon, yon klèb pou jèn, yon sant resous pou pwoblèm jwèt pou lajan yo, tretman ki baze nan prizon, ak yon Sant Tretman Adiksyon ke Eta a Opere. Pwogram sa yo bay endividyèl ak gwoup konsèy, tretman ak asistans medikaman, sèvis edikatif, jesyon ka, evalyasyon pwofesyonèl, fòmasyon pou travay, preparasyon pou travay, konpetans parantal, ak konpetans pou viv sou plan sosyal/kominotè.
- **Pwogram Sèvis Veteran ant Konpanyon** Yo te nonmen li pou onore memwa yon veteran ki te komèt swisid, Pwogram Sipò Veteran ant Konpanyon Joseph P. Dwyer a ofri yon modèl sipò non klinik pa veteran ant veteran yo ki gen difikilte ak twoub estrès apre twomatiz (post-traumatic stress disorder, PTSD), lezyon serebral twomatik (traumatic brain injury, TBI), lide swisidè, ak/oswa lòt pwoblèm sante mantal. Bidjè a pral asiyen apeprè 370,000 dola pou finanse pwogram lan nan rejyon Long Island lan.

Aksyon Revni ak STAR

- **Bay yon Kredi Rabè Fiskal pou Pwopriyetè Kay.** Bidjè a kreye yon nouvo kredi soulajman fiskal sou pwopriyete, ki se Kredi Rabè Fiskal pou Pwopriyetè Kay yo (Homeowner Tax Rebate Credit), pou fanmi ki gen revni ki fèb ak mwayen ki kalifye yo, ansanm ak kay granmoun aje ki kalifye yo. Benefisyè egzanpsyon Basic STAR ak kredi ki gen revni ki pi ba pase 250,000 dola ak benefisyè Enhanced STAR ki elijib pou rabè fiskal sou pwopriyete a kote benefis la se yon pousantaj nan benefis STAR pwopriyetè kay yo ki egziste deja. Benefis an mwayèn pou pwopriyetè kay Long Island yo pral apeprè 1,290 dola, sa ki bay yon soulajman pou apeprè 494,000 fanmi ki peye taks sou pwopriyete.
- **Akselere Rediksyon Taks Klas Mwayèn lan.** Bidjè a akselere aplikasyon pwogresif rediksyon taks klas mwayèn lan pa dezan, epi li konplètman aplike rediksyon an apati kòmansman ane fiskal 2023 olye ane fiskal 2025 lan.
- **Bay Kredi Taks sou Revni Salaryal (Earned Income Tax Credit, EITC) ak Peman Bonis EITC pou Paran Ki Pa Gadyen.** Bidjè a bay yon peman siplemantè yon sèl fwa ki egal a 25 pousan EITC oswa EITC pou paran ki pa gadyen ki te reklame pou ane fiskal 2021 an, depi benefis la se omwen 25 dola.
- **Bay yon Peman Bonis pou Kredi Timoun Empire State (Empire State Child Credit, ESCC) la.** Bidjè a bay yon peman siplemantè yon sèl fwa ant 25 ak 100 pousan ESCC ki te reklame pou ane fiskal 2021 an, depi benefis la se omwen 25 dola.

Sèvis Transpò

- **Pwogram Èd Otowout Lokal CHIPS la:** Bidjè a founi 49.6 milyon dola nan finansman pou wout ak pon lokal nan Long Island atravè pwogram CHIPS la.
- **Pwogram Èd Otowout Lokal PAVE NY la:** Bidjè a bay 13.7 milyon dola nan finansman pou wout lokal Long Island yo atravè pwogram PAVE NY la.
- **Rekiperasyon Aprè Ivè Ekstrèm (Extreme Winter Recovery, EWR) lan:** Bidjè a founi 9.4 milyon dola nan finansman pou wout ak pon lokal yo atravè pwogram EWR la.
- **Wout Touristik Eta a (State Touring Routes, STR) yo:** Bidjè a founi 0.3 milyon dola nan finansman pou wout ak pon lokal yo atravè pwogram STR la.
- **Pave Twou nou yo (Pave our Potholes, POP):** Bidjè a founi 9.2 milyon dola nan finansman pou wout ak pon lokal yo atravè pwogram POP la.
- **Amelyorasyon nan Wout ak Pon yo:** Bidjè a gen ladan finansman pou pwojè wout ak pon yo nan rejyon Long Island tankou:

o 6.5 milyon dola pou fè reparasyon teras pon an ak asye sou pon an ki mennen nan direksyon lwès Route 27 sou Barnes Road nan Vil Brookhaven, Konte Suffolk.

o 9.9 milyon dola pou renouvèlman pavaj sou Long Island Expressway, soti nan Route 112 rive nan Yaphank Avenue, nan Vil Brookhaven, Konte Suffolk.

o 14.8 milyon dola pou renouvèlman pavaj sou Northern Boulevard (Route 25A), soti nan liy Konte Queens/Nassau a rive nan Old Northern Boulevard, soti nan Forest Drive rive Glen Cove Road ak soti nan Annandale Drive rive nan liy Konte Nassau/Suffolk la nan Vil North Hempstead ak Oyster Bay nan Konte Nassau ak soti nan liy Konte Nassau/Suffolk la rive Harbour Road (Route 108) nan Vil Huntington, Konte Suffolk.

- **Asistans pou Operasyon Transpò Piblik:** Bidjè a bay 40.7 milyon dola nan asistans pou opere transpò piblik nan Konte Suffolk ak 103.4 milyon dola nan Konte Nassau. Chak reprezante yon ogmantasyon 36% sou ane anvan an. Rejyon sa a tou afekte pa operasyon MTA yo; MTA a pral resevwa 6.6 milya dola nan asistans pou operasyon transpò piblik. •
- **Asistans Kapital pou Transpò Piblik ki pa MTA:** Bidjè a bay yon ogmantasyon 35 milyon dola pa ane nan asistans kapital pou transpò piblik ki pa MTA, yon pati ladan benefisye alafwa Konte Suffolk ak Konte Nassau. Bidjè a gen ladan tou 20 milyon dola pou twazyèm ane a nan yon pwogram kapital 100 milyon dola sou senkan pou sipòte tranzisyon ajans transpò piblik yo nan otobis elektrik, yon pati ladan benefisye Konte Suffolk.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Moun Long Island yo merite lari ki byen pave epi yo merite kondwi yon fason ki dous. Mwen te fyè dèske m te travay avèk kòlèg mwen yo nan Lejislati a, ak Gouvènè Hochul, pou m te garanti yon finansman rekò ki evalye a 157 milyon dola nan bidjè eta ane sa a pou repare prèske 804 km wout nan Long Island

epi retabli yo nan yon bon jan kondisyon. Sa ki enpòtan, plis nou garanti finansman enfrastrikti nan Albany, se mwens kontribiyab lokal yo ap genyen pou yo pataje fado a."

Senatè John E. Brooks te deklare, "Reprezante bezwen Long Island se yon responsablite ki pa dwe pran alalejè, kidonk mwen fyè de sa nou te kapab akonpli nan Bidjè Ane iskal 2023 a. Efò sa a te lakòz plizyè santèn milyon dola nan èd ak sipò pou fanmi Long Island ki gen difikilte nan soulajman taks, finansman pou edikasyon, ak divès lòt pwogram ak sèvis. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou sipò san fay li bay Long Island ak Eta New York an jeneral; epi mwen pa ka tann pou kontinye efò kolektif nou yo pandan n ap travay pou asire yon pi bon avni pou sitwayen nou yo."

Senatè Jim Gaughran te deklare, "Bidjè Eta ane sa a te gen ladann èd rekò pou lekòl yo ak lòt pwojè enpòtan tankou 22 milyon dola nan finansman pou pwopriyete kay Huntington Station yo pou konekte nan sistèm egou yo. Envestisman sa yo pral benefisye timoun nou yo, ekonomi nou an, enfrastrikti rejyon nou an, ak anviwònman an epi mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li se yon defansè fawouch pou Long Island."

Senatè Anna M. Kaplan, te deklare, "Moun Long Island yo te voye nou Albany pou bay rezilta, epi bidjè nou fèk fini an fè egzakteman sa lè li adrese sekirite piblik, koupe taks, epi bay finansman rekò pou lekòl nou yo, wout yo, fòs lòd yo, ak swen sante. Gras ak lidèchip Gouvènè Hochul ak patenarya kòlèg mwen yo nan Majorite Sena a, rezidan Long Island yo pral jwenn yon soulajman reyèl nan gwo pri taks ak pri gaz yo, lekòl nou yo pral kapab bay timoun nou yo pi bon edikasyon, epi nou pral kapab investi nan sèvis kominote ki ede vwazen nou yo epi ki fè kominote nou yo vin pi an sekirite ak pi solid."

Senatè Kevin Thomas te deklare, "Bidjè Eta ane sa a prevwa investisman enpòtan nan lekòl nou yo, kominote nou yo, ak nan efò pou akselere rekiperasyon eta nou an apre pandemi COVID-19 la. Soti nan finansman istorik pou lekòl nou yo, rive nan repara wout nou yo, pi gwo priyorite se fè yon amelyorasyon mezirab nan lavi chak jou tout Nouyòkè yo. Bidjè sa a fè chanjman enpòtan ak sinifikatif nan lwa sekirite piblik nou yo, sa ki rann li pi fasil pou pouswiv trafik zam epi ranfòse pwoteksyon pou viktim krim rayisans ak vyolans domestik yo. Sa ki enpòtan, bidjè a gen ladan soulajman taks pou klas mwayèn lan ak yon egzonerasyon taks sou gaz pou ede konbat enflasyon ak diminye fado sou fanmi k ap travay di yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak kòlèg mwen yo nan lejislati a paske yo travay ansanm pou kreye yon Eta New York ki pi solid, ki pi an sekirite, epi ki pi pwospere".

Manm Asanble Steven Englebright, te deklare, "Mwen kontan dèske bidjè a pral bay soulajman taks pou pwopriyete kay ki twò chaje nan Long Island yo. Bay soulajman nan ponp gaz yo, rediksyon taks sou revni, ak soulajman byen imobilye yo tout se bagay ki enpòtan. Anplis de sa, èd rekò eta pou lekòl lokal nou yo ap ede diminye taks sou pwopriyete yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul paske li te batay pou priyorite Long Island sa yo."

Manm Asanble Fred Thiele te deklare, "Gras ak investisman enpòtan nan soulajman pou pwopriyete kay ki chaje ak gwo taks sou pwopriyete yo ak yon nivo istorik

finansman èd lekòl ki ale dirèkteman nan salklas, bidjè ke yo adopte pou ane sa a ap trase chemen pou yon Long Island ki pi solid e ki pi abòdab pou tout moun. Mwen fyè dèske bidjè sa a satisfè bezwen ki pi ijan nan kominote nou an epi mwen pral kontinye fè sa pou ane k ap vini yo."

Manm Asanble Phil Ramos te deklare, "Aprè yon defi ki dire plis pase de ane nan goumen kont COVID-19, fanmi Long Island yo santi presyon pri machandiz esansyèl tankou episri ak gaz k ap monte yo. Bay fanmi lokal yo sekou ki nesèsè anpil se youn nan pi gwo priyorite mwen nan bidjè a, epi dènye plan depans eta a fè avanse yon ajanda solid pou redui sou pri yo. Soti nan ede Nouyòkè yo kenbe plis lajan yo te fè nan travay di, rive nan ogmante èd lekòl yo yon fason konsiderab ak sipòte popilasyon vilnerab yo, bidjè etapou ane 2022-23 a mete fanmi k ap travay yo an premye."

Manm Asanble Michaelle Solages te deklare, "Bidjè sa a fè investisman enpòtan nan ekonomi rejyonal Long Island lan ak nan enfrastrikti sosyal nou an. Kolèg mwen yo nan Delegasyon Asanble Majorie Long Island avek mwan nou te konsantre sou bezwen debaz kominote nou yo. Nou te sekirize plis investisman pou lekòl piblik nou an pou ede soulaje fado ki genyen sou baz taks lokal la, yon rabè fiskal pou pwopriyetè kay yo pou rezidan yo, plis lajan pou gadri, epi amelyore pwogram Pwoteksyon pou Pwopriyetè Kay la pou ede abòde sezi imobilye yo. Sa yo se jis yon kantite nan apil reyalizasyon nan bidjè ane sa a, epi mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Majorite Sena a Long Island lan pou patenarya yo pou yo sèvi moun Long Island yo."

Manm Asanble Taylor Darling te deklare, "Negosyasyon bidjè ane sa a pou Ane Fiskal 2023 a te difisil. Mwen fyè dèske finalman, kolèg mwen yo ak mwen te kapab jwenn plizyè milyon dola nan finansman. Kominote nou yo nan Long Island fè fas ak yon seri pwoblèm ke bidjè sa a adrese. Liy bidjè mwen pi fyè de yo a se 457.6 milyon dola nan ogmantasyon Èd pou Lekòl pou Elèv Long Island nou yo, sipò pou òganizasyon kominotè san bi likratif ki bay asistans lojman, aktivite renouvèlman kominotè, ak sibvansyon pou lokasyon nan Long Island, ak kreye Kredi Rabè Fiskal la pou Pwopriyetè Kay yo ki Bay Soulajman pou 494,000 Fanmi ke yo Estime ki Peye Saks sou Pwopriyete. Li klè ke Gouvènè Hochul te priyoreze pitit nou yo ak moun ki travay di nan Long Island yo. Toujou Pi Wo (Ever Upward)."

Manm Asanble Judy Griffin te deklare, "Mwen trè fyè dèske nouvo Bidjè Eta nou an sèvi fanmi Long Island yo, bay soulajman taks akselere pandan y ap fè investisman enpòtan nan fiti kominote sidwès Konte Nassau yo nan Distri Asanble 21èm syèk la. Atravè defans Delegasyon Long Island lan ak volonte Gouvènè Hochul pou konsantre sou Long Island, nou te asire rezidan k ap travay di nou yo ka ekonomize plis nan yon epòk enstabilite mondyal epi bay soulajman ki nesèsè anpil ak yon nouvo egzonerasyon taks sou gaz, rediksyon taks pou klas mwayèn akselere, rabè fiskal pou pwopriyetè kay yo, asistans pou ti pwopriyetè yo, ak sibvansyon pou lokasyon pou fanmi ki nan apatman yo. Plizyè finansman rekò konsekitif pou edikasyon ak enfrastrikti anviwònmantral pral asire ke de nan gwo resous Long Island yo - lekòl piblik fenomenal ak resous natirèl abondan nou yo - pral la pou pwochèn jenerasyon an epi pwoteje valè pi gwo resous pifò fanmi yo: ki se kay yo. N ap alwe plizyè milyon dola pou tretman,

rekiperasyon, ak prevansyon adiksyon pou abòde epidemi opyoyid estrawòdinè a, epi tou pou sipòte veteran ewoyik nou yo nan Long Island nan finanse nan Pwogram Sipò Veteran ant Konpanyon Joseph P. Dwyer a pou ede ak PTSD, adiksyon, ak pwoblèm sante mantal yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li la jodi a epi paske li fè Long Island vin yon priyorite."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)